*Italie*

CNA
COMMISSIONE NAZIONALE PER IL DIRITTO DI ASILO

euaa
EUROPEAN UNION AGENCY FOR ASYLUM

# LI NGA WARA XAM CI YOON WI ÑU TËRËL NGIR AM LÀQQUWAAY CI FORONCEERI RÉEW YU BOOLOO YU ÓROB



WOLOF

**Yaa ngi léegi ci Italie, mi nga xam ni bokk na ci Réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin.**
**Réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ñooy:**

27 réew yi bokk ci Réew yu booloo yu Órob (EU): Allemagne, Autriche, Belgique, Bulgarie, Chypre, Croatie, Danemark, Espagne, Estonie, Finlande, France, Grèce, Hongrie, Italie, Lettonie, Lituanie, Luxembourg, Malte, Pays-Bas, Pologne, Portugal, République d'Irlande, Roumanie, Slovaquie, Slovénie, Tchéquie, Suède ak

Yeneen 4 réew: Islande, Liechtenstein, Norvège, Suisse.

## YI TEERE BI LÀQQ


Lan mooy kaarange bitim réew ( làqquwaay)? 3

Lan mooy yoonu toppatoo wi ñu tërël ngir am làqquwaay? 4

- Lan mooy yoonu wi ñu tërël ngir toppatoo làqquwaay ci foronceer bi? 6
- Diir bi ni muy tollu? 7
- Kañ ak fan lañuy dugalee sa bindu bi ci diiwaan bi ak kañ lañu koy jébbal? -
- Lan mooy xew ci diir bi ngay bindu ak jébbal sa bindu? -
- Lan mooy yoonu toppatoo wi ñu tërël bu fekkee danga agsi ak ay xale wala mak mu mënalul dara boppam? -
- Ban réew mooy saytu sa bindu? -
- Naka lañuy saytoo sa bindu? -
- Naka ngay jotee dogal biñu jël ci sa bindu bi ngir am làqquwaay? -

Lan mooy say àqq ak yelleef? -

Lan mooy say wareef? -

Lan mooy jeexital yi boo deful say wareef? -

Naka la kilifa yi di bàyee xel bepp soxla boo jagoo? -

Numuy demee boo bëggee dellu sa réew? -

# LAN MOOY KAARANGE BITIM RÉEW?

Mën na am soxla nga kaarange bitim réew bu fekkee mënoo dellu ci sa réew ndax danga ragal xoqqatal wala danga nekk di jànkuwante ak jege ñu tàbbal la ci lorange bu wér wala ñu gaañ la. Loolu dafay tekki, ci misaal, sa dund wala moom sa bopp mën na am mi ngi jege lorange te sa kilifa réew yi duñu la àar ci lorange ji ngay jànkuwanteel.

Sa sañ-sañ la nga bindu ngir am karange bitim réew.

Ci Órob, karaange bitim réew mën na nekk ci anam yu bari: **tolluwaayu dawlàqqu** wala **kaarange bu ñaareel**.

kaarange bitim réew lañuy woowee làqquwaay.



# LAN MOOY YOONU TOPPATOO WI ÑU TËRËL NGIR AM LÀQQUWAAY?


Diiru yoonu toppatoo wi ñu tërël wi, kilifa yi dinañu saytu ndax danga soxla kaarange bitim réew ak, bu demee noonu, ban xeetu kaarange moo baax ci yaw. Ci toppatoo bi, di na jàppandi ci yaw nga firndeel sabab yepp yu tax nga joge woon sa kër ak sa réewu cosaan. waxal ligeeykat bi ci dëgg yan mooy sabab yi tax nga joge ci sa réew.

Boo sàkkoo kaarange bitim réew, jàppee nañu la aji bindu ngir am kaarange bitim réew.



Bepp xibaar boo jox kilifa yi dina wey di nekk luñu suturaal. Xibaar bi duñu ko mësa jox ñi ngay sàkku ci ñoom kaarange.

Bokk na ci toppatoo làqquwaay jeego yii di ñëw.



## LAN MOOY YOONU WI ÑU TËRËL NGIR TOPPATOO LÀQQUWAAY CI FORONCEER BI?



Yoon wi ñu tërël ngir am làqquwaay ci foronceer mooy tekki ni ci diir bi ñuy saytu sa bindu:

- war nga des ci ab berab  bu wér bu kilife yi dogal
- duñu la may nga dugg ci reewu itali ci ludul ndigal.

Boo agsee ak sa waa-kër, mën na am ñu boole la dëkkal ak sa waa-kër yi sës ci yaw (ñaar ngiiy sey, neekale yi, xale tuut tank yi ak doomu wakhambane yi nga xamne dañ leen yor).

**Yoon wi ñu tërël ngir am làqquwaay ci foronceer mën nañu ko def ci benn ci anam yii:**



- danga ñëwee ci anam bu dëppoowul ak yoon ci ab berabu jàllukaay bu nekk ci foronceer wala ci ab berabu weccookaay



- danga jeggi foronceer bi ci ludul yoon



- dañu la xettalee ci geej



- dañu la dalal fii jële la ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.

Yoon wi ñu tërël ngir am làqquwaay ci foronceer mën ko topp ngir sabab yu bari, ci misaal, bu fekkee:

- danga indi ay xibaar yu wérul wala ay kayit, wala danga téeye ay xibaar yu am solo wala ay këyit ci sa wàllu ràññee ki nga doon wala ràññee sa réew, wala danga yàq kayit buy ràññee kinga doon wala kayitu tukki; wala
- dañu lay ragal ci wàllu kaarabnge; wala
- nit ñu joge sa réew di bindu ngir am làqquwaay nekkuñu ci lu gëna bari di jànkuwante ak ay xoqqatal wala ay gaañ yu wóor.

mën nga laaj kilifa yi lu tax yoon wi ñu tërël ngir am làqquwaay ci foronceer ñu topp ko ci samay mbir.

## DIIR BI NI MUY TOLLU?



Yoon wi ñu tërël ngir am làqquwaay ci foronceer dina def lu ëpp 12 ayubes tàmbalee ci bes buñu dugalee sa bindu ci diiwaan bi. buñu la yobbee Réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin, toppatoo bi mën na def lu ëpp 16 ayubes.

Bu fekkee jotuloo ab dogal guñu jël ci diir boobu, dinañu la may nga dugg ci réew mi ñuy saytoo sa bindu.

Ci lu néew li muy am lool, mën na am duñu la may nga dugg ci réew mi di dem ak dikk nimu la neexee, bu fekkee sax jotuloo ab dogal ci diiru 12 wala 16 ayubes. Kilifa yi dinañu la yëgal bu fekkee dinañu la defal jagle bii.

## KAÑ AK FAN LAÑUY DUGALEE SA BINDU BI CI DIIWAAN BI AK KAÑ LAÑU KOY JÉBBAL?

Fii ba 31.10.2026 sa bindu ngir am kaarange bitim réew dinañu ko dugal ci diiwaan bi jébbal ko ba,  dinañu  bind fessel ko ca questura ak ca police ba yor froñceer yi Loolu dafa wara am gën jaa yàgg ci diiru juroomi (5) fan ginaaw wut bi wala bu tànn bi jeexee.

Amna solo lool nga dem ci dig-daje bi ngir jébbal sa bindu bi. Boo mënu lee jébbal sa bindu bi, dina ñu jàpp ni sa bindu bi dañu ko dindi, bamu des bu fekkee sababu ñàkka jébbal bi ajuwul ci yaw. Loolu mooy tekki ni dinga ñàkk sa tolluwaayu aji sàkku làqquwaay, say sañ-sañ ci jot ay ndimbal ak jàppale ak sa sañ-sañ ci dal ci réew mi.



## LAN MOOY XEW CI DIIR BI NGAY BINDU AK JÉBBAL SA BINDU?



Dinañu jël sa amapreent baraam.



Dinañu jël sa nataal.




Dinañu la laaj nga indi sa kayit yi lay ràññee yepp, kayiti tukki ak bepp kayit bu am solo.



Dinañu laaj nga joxe say xibaari bopp. Dinañu la laaj tamit sa bepp mbokk bu dëkk Itali wala ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob. Dinañu jël yeneen xibaar ci: maanaam laak yi ngay wakh ak  leep  lula yitteel.



dinañula laaj nga joxe say xibaari jokkoo (finga dëkk, ab nimero telefoŋ ak ab tegtalu imeel).



Mën na am ñu xool li nga yor ak li nekk ci say bagaas. Say bagaas dina ñu wey di nekk sa móomeel te dinañu la leen delloo, bamu dess bepp bagaas buñu jàppee lu wóoradi.



Mën na am ñu dafal la visit keer doctoor.



Dinañu sàkku ci yaw nga Jébbal mbooleem xibaar ak kayit yi jàppandi ngir dooleel sa mbindu. Bokk na ca ay xibaar ak ay kayit yu jëm ci:

- sa réew ak bepp réew boo mësa nekk
- sabab yi tax nga joge sa réew ak lu tax dootoo fa dellu
- Say jaar-jaar ak jaar-jaaru sa waa-kër
- xew-xew yi ci sa tukki bi jëm Órob wala ci biir Órob
- bepp bindu bu jiitu ngir am kaarange bitim réew.

ni jeego toppantee mën na wuute waaye wey aji bindu yepp ñoo bokk nuñu leen di toppatoo wee. xibaar yi ñu dajale dinañu lenn téeye ci anm bu wóor dencukaayu xibaar bu réew mi ak bu Órob.

Sa wareef la te moo gën ci yaw nga wax dëgg te nga yombalal kilifa yi ligeey bi.



giinaw  binu nango sa demande  dinanu la jebel keyit wuy wanene yaw dawlakhu nga

Keyit wowu war nga ko yor saasune.

## LAN MOOY YOONU TOPPATOO WI ÑU TËRËL BU FEKKEE DANGA AGSI AK AY XALE WALA MAK MU MËNALUL DARA BOPPAM?



Boo agsee ak:

- say doom amaguñu 18 ci ay at, wala
- Xale yu amagul 18 ci ay at ñoo xam ni yaay seen kilifa ci yoon

dina ñu soxla bindu ngir am kaarange bitim réew tamit. Xale yi dinañu soxla ànd ak yaw ci kilifa yi.

Bu fekkee sa xale yi amnañu 18 ci ay at wala lu ko ëpp, war nañu jebbal seen bindu bopp.




Boo nekkee kilifa nit ku am 18 ci ay at wala lu ko ëpp te nga am laago bu tax duñu mëna jël dogal, dinga mëna sàkku bindu ngir am kaarange làqquwaay ak jébbal ab bindu ci seen tur.

Nit kooku soxl na teew ànd ak yaw ci diir biñuy jébbal seen bindu.



## BAN RÉEW MOOY SAYTU SA BINDU?




Dinan la warlul ni ab réew mu bokk ci réew yu booloo yu Órob yi ak réew yi bokk ak ñoom ay doxalin dina saytu sa mbindu ngir kaarange bitim réew. Mënoo tànn réew mi.

Kilifa yi dinañu topp yoon wuñu tërël ngir jëlo dogal ci ban ci réew bu booloo yu órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin moo wara saytu sa mbindu ngir làqquwaay. Loolu lañuy woowee yoon wuñu tërël ngir ràññee ki wara saytu.

Ngir loolu, dinga soxla jox kilifa yi mbir yii di ñëw.

- Boo amee ab mbokk ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.
- Bu fekkee benen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin daf la joxoon ab wiisaa wala kayitu dëkk. (Ab wiisaa daf lay may nga dem ci ab réew. Mën na àm mu nekk ab xaatim ci sa paaspoor. Kayitu dëkk ab kayit la bu lay may nga des ci réew mi.)
- Bu fekkee mËsoon nga dugg ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.
- Bu fekkee binduwoon nga ba noppi ngir am kaarange bitim réew ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.
- Bu fekkee beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin daf la jox lijaasa jàng wala kayit buy firndeel xereñ.

Bu fekkee ni kilifa gi dafa gëm ni beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin moo wara nekk kiy saytu sa bindu, di nga jot xibaar yuñu gëna faramm-fàcee ci toppatoo bi ak ci say àq ak say wareef.

Mën nga am xibaar yu gëna yaatu ci beneen téere buñu tudde “  linga wara xam ci yoon wiñu terel  ci wallu yorinu ngi dawlaxu.

# NAKA LAÑUY SAYTOO SA BINDU?

## SAYTU NDAX MËN NAÑU NÀNGU SA BINDU

Ci yenn tolluwaay yi, dina saytu bu njëkk buñuy def ci sa bindu.

Sayut bu njëkk boobu lañuy woowee saytu ndax mën nañu nàngu sa bindu te dina def lu ëpp ñaari weer.

Loolu mooy tekki ni kilifa yi dinañu njëkka saytu juroomi laaj yii di ñëw.

- Ndax jot nga ba noppi kaarange bitim réew ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin?
- Ndax jot nga ba noppi kaarange bitim réew ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin, boo xam ni dinga nekk ci kaarange te di nga fa mëna dellu?
- Ndax mën na ñu la nàngu waat ci réew mi nga xam ni danga fa nekk ci kaarange te sa bindu ngir kaarange bitim réew mën ko faa saytoo?
- Ndax sàkku nga kaarange bitim réew lu ëpp juroom ñaari fan ci ginaaw bi nga jotee dogalu dellu bi?
- Ndax ab ëttu àttekaay bu aju ci réew yu bari wala ab këru àttekaay daf la jox beneen dëkkuwaay bu am kaarange ci beneen réew wala ab ëttu àttekaay bu aju ci réew yu bari wala ab këru àttekaay dafa nekk ci yoonu def ko?
- Ndax binduwaat nga ngir am kaarange bitim réew ci ginaaw bi ñu bañee sa bindu te joxewuloo ay mbir yu bees? Mbir yu bees yi mën na nekk ay xew-xew yu bees wala ay firnde yuy junj ni danga soxla kaarange bitim réew.



Mën na am ñu woo la ci jotaayu laaj ak tontu biy ëmb laaj yii. loolu lañuy woowee **jotaayu laaj ak tontu ngir saytu ndax mën nañu nàngu sa bindu**. Ci diiru laaj ak tontu bi, mën na tamit ñu laaj la ci mbiri sabab yi tax ngay sàkku kaarange bitim réew ak lan moo tax bëgoo dellu ci sa réew.

Mi ngi aju ci sa tolluwaay ci lu jëm ci laaj yi nekk ci kaw:

- mën na am sa bindu bi ñu bañ ko, wala
- Toppatoo bi dina wey te kilifa yi dinañu saytu ndax dangay soxla kaarange bitim réew.

COMMISION TERRITORIALE POUR LA RECONNAISANCE DE LA  PROTECTION INTERNATIONALE binu jaglel daw laxuyi dinañu la yéegal ndax dina ñu la defal ab saytu ndax mën nañu nàngu sa bindu te dinañu la jox ay leeral yu gëna yaatu.

# NAKA LAÑUY SAYTOO SA BINDU?

## SAYTU SA BINDU

Kilifa yi dinañu saytu ndax soxla nga kaarange bitim réew.



Dinañu la woo ci ab **jotaayu laaj ak tontu ci sa teewaay**.

Di nga jot ab woote bu jaare ci post **/** jaare ci imeel **/** ginaaw biñu fessele sa bindu **/** jaare ci ab kontu electronik wala ci **lóqo ak lóqo** Jotaayu laaj ak tontu bi dina am ci sa teewaay wala,  ci nga nekk fu sori.

Jotaayu laaj ak tontu bi dinañu ko anrasitere.

Jotaayu laaj ak tontu bi moo lay may nga framm-fàccee sabab yi tax ngay sàkku kaarange bitim réew ak lan moo tax bëgoo dellu sa réeu cosaan.
War nga teeweel jotaayu laaj ak tontu bi te nga agsi ci waxtu wi. Boo teeweewul jotaayu laaj ak tontu bi ci sa jëmm ci lu dul sabab bu ko jar buñu firndeel, dinañu jàpp ni sa bindu bi dañu ko dindi te sa mbir dootuñu ko saytu.
Boo bañee tontu laaj yi ci diiru laaj ak tontu bi ci ludul sabab buko jar, dinañu jàpp ni tamit sa bindu bi dañu ko dindi.

Bepp mag buy bindu dinañu ko defal laaj ak tontu moom rekk.

Sa doom yi dinañu leen may ñu def ab jotaayu laaj ak tontu.

Ginaaw jotaayu laaj ak tontu bi ci teewaay, sa bindu dinañu ko saytu.
Kilifa yi dinañu saytu ndax soxla nga kaarange bitim réew wala deed.

Ci lu néew lu muy am, jotaayu laaj ak tontu bi mën na am du am.
Kilifa yi dinañu la yeegal bu fekkee dinañu la ko defal.

## SAYTU WERGI-YARAM ak doktor



Mën na am kilifa yi sàkku ci yaw ñu defal la ab saytu wergi-yaram ci lu jëm ci ay màndargay xoqqatal yu weesu wala ay gaañu-gaañu yu tar. Saytu bi amul fay te dina ñu la laaj ndax nàngu nga.

Dina ñi la yéegal li tukkee ci saytu bi, muy li nga xam ni dina ñu ko bàyyi xel ci buñuy saytu sa bindu. Buñu kilifa sàkkuwul ab saytu, mën nga sàkku saytu bi ci sa xaalisu bopp.

## NAKA NGAY JOTEE DOGAL BIÑU JËL CI SA BINDU BI NGIR AM LÀQQUWAAY?



di nga jot ab dogal bu ñu jël buñu bind jaare ko post / jaare ko ci jumyukaayu elektronik/ joxla ko ci sa loxo wala sa xelalkat ci wàllu yoon, boo ci amee. Dinañu la yeegal lu tukkee ci jël dogal bi ci am mbind ci làkk bi nga degg.

Bu fekkee ni dogal bi baaxul, sabab bi dinañu ko leeral ci dogal bi te dina ñu la jox ab dogal ci dellu ci sa réew.

### SAÑ-SAÑU WOOTE ÑÀKKA NÀNGU CI KANAMU YOON



boo nànguwulee ndogal bi, mën nga woote ñàkka nàngu ci kanamu yoon. Loolu mooy ni ab këru attekaay (tribunal) dina xoolaat dogal bi. Mën nga sàkku ab xelalkat ci wàllu yoon ci lu amul fay ngir mu dimbali la nga woote ñàkka nàngu ci kanamu yoon.

**Ci Yoon wi ñu tërël ngir am làqquwaay ci foronceer, mayu ñu la nga dal ci réew mi diir biñuy toppatoo sa woote baña nàngu ab dogal bamu dess bu ko ëttu àttekaay bi mayee.**

Mën nga sàkku ñu may la nga dal ci gëkk bi ci diir bu ñu nekkee di toppatoo sa woote bi.

War nga indi sa woote ñàkka nàngu ci kanamu yoon ci diir biñu jàpp ci dogal bi. Di nga jot xibaar yuñu gëna faramm-fàcee ci loolu boo jotee ab dogal bu baaxul.

Bu fekkee amoo sañ-sañ ci toog ndax yeneeni sabab yu la ko may, dina war nga geen rewum itali balaa taarix biñu jàpp. Boo demalu lee sa bopp, dina ñu la delloo ci lu dul sa coobare.

## LAN MOOY SAY ÀQQ AK YELLEEF?

### AM NGA SAÑ-SAÑ CI JOT NDIMBAL AK AY JÀPPALE CI DIIR BI ÑUY XAAR ÑU JËL DOGAL CI SA BINDU NGIR AM KAARANGE BITIM RÉEW



Ngir li nga nekk aji bindu, ci cosaan am nga sañ-sañ ci:

- des ci réew mi wara saytu sa bindu, ci ab berab buñu tànn ci foronceer bi, ba kerook saytu bi di mat, ak
- jot ay ndimbalu dalal ak ay jàppale.

Mën nga gis ay xibaar ci ndimbalu dalal bi ak ci jàppale yi ngay jot ci beneen téere.



## AM NGA SAÑ-SAÑ CI ÑU DEFAL LA FIRI LÀKK



Bu fekkee mënoo làkk kallaama rewum itali ab firikatu làkk dina la dimbali ci nga wax ak kilifa yi ci diir bi ngay bindu ci diiwaan bi ak ci biñuy jébbal sa bindu niki noonu diiru sa jotaayu laaj ak tontu bi. Firikatu làkk bi doo ko fay.

Firikatu làkk bi dafa maandu, mooy tekki ni du faral kenn. Dina sàmmoo ak sutura te du loo mëna wax du ko wax kenn kudul kilifa yi ko wara xam.

Firikatu làkk bi amul benn xirtal ci dogal bi ñuy jël ci sa bindu bi.

Yëgalal kilifa yi ci saas yi boo xamul li firikatu làkk bi di wax wala nga xalaat ni firikatu làkk bi mandu wul.

## MËN NGA SÀKKU FIRIKATU LÀKK BU GÓOR WALA BU JIGEEN LAAJKAT BU GÓOR WALA BU JIGEEN NGIR SA JOTAAYU LAAJ AK TONTU BI? BU FEKKEE NI DAFA LAY DIMBALI CI NGA MËNA WAX BU BAAX



Buñu sukkandikoo ci li waral nga koy sàkku ak ndax jàppandi na, dina ñu faj sa àajo.

## MËN NGA GIS AB XELALKAT CI WÀLLU YOON (AWOKAA )



Ab xelalkat ci wàllu yoon nit la kulay defal taxawu wala teewal ci wàllu yoon ci sa diggante ak kilifa yi. Ab xelalkat ci wàllu yoon tënku wul ci kilifa yi ta dafay àar say njariñ. Ab xelalkat ci wàllu yoon mën na laa taxawu ci sa bindu ngir am kaarange bitim réew, ci sa toppatoo làqquwaay, ci wax ak njiit yi te mën nañu toog ak yaw diir bi ngay toog ci sa jotaayu laaj ak toontu.

Sa sañ-sañ la nga gis ab xelalkat ci wàllu yoon ci jamono bumu mëna doon ci diiru bindu bi ci sa payooru bopp.

Bu fekké amuloo looy faye kula taxaawu  ci wallu yoon, mën nga sàkku ñu joxla kulay taxaawu nga bana fay dara nax nga mene dingat dogal binu jel.

Ginaaw Biñu bindee linga sakku ba pare,  xalalkat bi ci wallu yoon dina la gunge.

Bu fekkee dafa am xelalkat ci wàllu yoon boo taamu, naga joxe seeniy xibaari jokkoo ak kilifa yi bu jàppandi wee.

Joxal kilifa yi leerali sa xelalkat yi ci wàllu yoon, bu ko defee di nañu leen mëna yëgal li aju ci sa wàllu bindu bi.

## AMNGA SAÑ-SAÑ CI ÑU YËGAL LA AK CI SÀKKU XELAL CI WÀLLU YOON



Mën nga sàkku xelal ci wàllu yoon, ci luamul fay, ci diir biñuy toppatoo sa làqquwaay. Bokk na ca ay xelal ci wàllu yoon ngir taxawu la ci jebbal sa bindu.

Xelal ci wàllu yoon mooy tekki ni mën nga jot ay leeral ci:

- say àq ak say wareef
- yoon yi ñu tërël yu wuute yi
- jafa-jafe yi ci wàllu yoon.

Mën nga sàkku ay xibaar ak ay xelal ci wàllu yoon ci centre Ba nga biguay dal

## MËN NGA WAX AK MBOOTAAY YU AJUWUL CI GENN NGUUR WALA BÀNQAAS BUY SAYTU MBIRI DAWLÀQQU TE AJU CI MBOOTAAYU XEET YI (UNHCR) WALA YENEEN MBOOTAAY




Mën nga jokkoo ak wax ak UNHCR wala mbootaay yuy lënkaloo ak moom ci jeego bu nekk ci bi ñuy toppatoo sa bindu ngir am làqquwaay.

UNHCR mooy sàmm àqq ak yelleefu wey sàkku làqquwaay yi ak dawlàqqu yi. UNHCR wala mbootaay yuy lënkaloo ak moom tamit dañuy jox ay xibaar aki ndimbal wey sàkku làqquwaay yi.

Xibaari jokkoo yu UNCHR ak xibaar yi ci wàllu toppatoo làqquwaay mën nañu ko fekk ci xëtu enternet bu UNCHR https://help.unhcr.org/.

Mën na am tamit ñu jox la ay xibaar aki ndimbal ci lu amul fay.

Mën nga tamit woo bepp mbootaay buy joxe ay xelal ci wàllu yoon wala yeneen xelal ab aji bindu ngir am làqquwaay.

# LAN MOOY SAY WAREEF?

## TOPPAL YOONI RÉEW MII



## DALAL CI RÉEW MI NGA BINDOO NGIR AM KAARANGE BITIM RÉEW




Bul jeema dem ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin. Bul joge ci berab bi ñu ràññee boobu ñu waxoon la nga dalandi.
Bu la kilifa joxee ndigal rekk ci nga am sañ-sañu dem ci beneen réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin.

## NALA WÓOR NI KILIFA YI DINAÑU LA MËNA JOT TE YAA NGI SÀMMOO AK SAY DIG-DAJE



War nga teewee dig-daje yepp ci sa jëmm sa buñu la kilifa yi soxlaa. War nga teew ca waxtu wa. Boo mënul teewe ab dig-daje ndax sabab bu ko jar, yéegalal kilifayi ci saas yi te nga wax sabab bi.



## NANGA YOMBALAL BU BAAX LIGEEY BI KILIFA YI

Buñu ko sàkkoo ci yaw, warnga def yii di bëga ñëw.

- Joxe say xibaari bopp.




- Joxeel sa kayiti ràññeewukaayu bopp. Boo leen yorul, leeralal lu tax.



- Na nga joxe sa amapreent baraam ak sa nataal.



- Jébbal sa bindu ci taarix ak ci waxtu biñu wax.
- Teeweel jotaayu laaj ak tontu bi ci sa jëmm te nga tontu laaj yi ci diir biñu lay laaj.



- Nàngul ñu xool loo yor ci sa jëmm ak li nekk ci say bagaas, su feke kilife yi yor **karange rewmi** sàkku nañu luni mel. Seet loo yor bi bu ko jaree te mu laaj ko rek lañu koy def. Kilifa yi dinañu leeral lu waral seet bi. Seet bi sa mooroomu góor boo dee góor wala sa moroomu jigeen boo dee moo koy def te dina ñu ko ci anam budul xotti sa worma.

## WAXAL DËGG



Li ngay wax lu am solo la ngir ñu gëm sa bindu bi. Lii moo tax nga wara dëggu te nga joxe xibaar yu matt te wóor ci ki nga doon, ci sa waa-kër, ci sa réewu cosaan, sabab yi tax nga joge ci sa réew ak lan moo tax bëgga too fa dellu.

Mën na am doo mëna fàttaliku lepp kon mën na am doo mëna tontu laaj yepp. Bu loolu amee, bul fent ay tontu waaye nanga wax ni fàttaliku wuloo.

## NANGA JOXE XIBAARI JOKKOO YU JAAR YOON TE ÑU LAY MËNA JOT




Kilifa yi war nañu lay mëna jot ngir sa mbrir bindu ngir kannrange bitim réew.

Bu fekkee sa tegtalu dëkkuwaay, sa tegtalu enternet wala sa nimro telefon dafa soppeku, yéegal ko kilifa yi ci saas yi.

## JEBBALAL XIBAAR YEPP AK KAYIT YIY DOOLEEL SA MBINDU CI [ca jewrin yi yor karange reewi mi ak commison territorial]

Boo amee kayit yuy ràññee ki nga doon, da nga wara wone ci saas yi bu ñu jàppandee ca niit ya yore karange rewmi.

War nga joxe bepp xibaar ak kayit yu mëna dimbali kilifa yi ñu jël dogal ci ban réew moo wara saytu sa bindu wala jël dogal ci saytu sa bindu. Kayit yii mën nekk, ci misaal, ab paaspoor, sertifikaa maryaas, téere njaboot, kaart buy ràññee soldaar, firnde ligeey, kart buy firndeel bokk ci parti politig, ay lijaasa, ay kayitu tënk yu joge ci alkaati yi wala ci ëtt àttekaay yi, ay nataal wala ay kayitu doktoor wala fajkat ci wàllu xel.

Soxla wuloo jébbal ay kayit yoo xa ni dafa def rek ay xibaar yu ñepp xam ci sa réew. Kilifa yi ci wàllu làqquwaay xam nañu tolluwaay yu am sa réew.




War nga joxe xibaar yepp ak kayit bu mënee nekk gaaw booy jébbal sa bindu. Bu fekkee kayit yi jàppandi wuñu ci saas yi, war nga leen dugal saa bu jàppandee, ci anm ak diir yi nu la sass.

War nga indi kayit yi ci seen cosaan, bu mënee nekk. Waruloo yàq wala di sànk benn kayit buy ràññee ki nga doon. Waru loo téeye benn kayit buñu soxla. Waroo dugal kayit bu wérul wala buñu sos.

Bu mënee nekk, te bu fekkee du waral ag jege tàbbi ci loru, laajal sa xarit yi wala sa mbokk yi ñu yonnee la say kayit.

# LAN MOOY JEEXITAL YI BOO DEFUL SAY WAREEF?

## SA TOPPATOO NGIR AM LÀQQUWAAY DINAÑU KO DAKKAL




Loolu dina am boo bañee:

- joxe ay xibaar buñu la ko laajee
- bàyyi ñu jël sa amapreent baraam ak sa nataal
- Tontul ca laaj yanulaj laaj oxeel sa tegtalu dëkkuwaay
- tontul laaj yi ci diiru sa jotaayu laaj ak tontu bi.

Dina am tamit bu fekkee:

- jébbaloo sa bindu ci diiru àpp biñu joxe ci lu amul sabab bu ko jar
- teewee wuloo jotaayu laaj ak tontu bi nit ki wara def
  ci lu amul sabab bu ko jar
- yéegalu loo kilifa yi ci buñu ko sàkkoo
- tooguloo ci berab bi nga waroona dal
- kilifa yi mënu ñu la jot
- da ngaa joge ci réew mi.

Dina ñu jàpp ni sa bindu bi dañu ko **dindi wala dañu ko bañ.**
Loolu mooy tekki ni dinga ñàkk sa tolluwaayu aji sàkku kaarange bitim réew ak sañ-sañ yi ci aju woon yepp.

Mën nga tamit jël dogal ci dindi sa bindu saa bu la neexee ci diir bi ñuy toppatoo sa bindu bgir am làqquwaay, ci misaal, ndax dangaa jël dogal ci dellu sa réew. Bu loolu amee, dinga ñàkk sa tolluwaayu aji sàkku kaarange bitim réew.

## YENN XEETU NDIMBALU DALAL YI AK JÀPPALE YI MËN NA AM ÑU WÀÑÑI LEEN WALA ÑU DÀKKAL LEEN



Ci yenn anam yi,  / perefetur bi mën na jël  bén dogal ci wàññi wala dàkkal yenn xeeti ndimbal yi wala yenn jàppale yi.  Dinañu la yéegal xibaar bu ni mel ci am mbind ginaaw bañu saytoo sa tolluwaay.

Mën nga am xibaar yu gëna yaatu **ci baneen mbind muñu tuddee** “aqq ak yeeleef  mu laale ci dawlaaxu yi”

## AY JEEXITAL YU BAAXUL MËN NA AM CI SA BINDU



Bu fekkee da ngaa joxe xibaar yuy naxaate wala yu wérul ci lu jëm ci sa rààñeekaay wala ci sa bindu, wala booy yàqq wala di njuuc-njaac ci ay kayit, loolu mën na am jeexital bu baaxul ci sa bindu. Sa bindu bi mënu ñu ko nañ te mën na am doo am kaarange bitim réew.

kaarange bitim reew mën na ñu ko jël tamit ci yaw bu kilifa yi yeegee ab diir ci kanam ni waxoo woon dëgg ci dii bi ñy toppatoo sa bindu.

## DINGA JOT AY NDIMBAL YUÑU LA JAGLE BOO KO SOXLAA

Warnga yëgal kilifa yi saa boo ko mënee boo soxla xee ay ndimbalu jagle. Soxla yii mën na tukkee ci xeetu tolluwaay yu wuute yu mel ni wànn lor, tawat wala nekk di jànkuwante ak ay fitnaal ci wàllu xel, ci wàllu yaram ak ci wàllu séq.

KIlifa yi dina ñu saytu sa tolluwaay te mën na am ñu joxla yeneen ndimbal ngir yombal sa bokku ci toppatoo làqquwaay bi. Ci misaal, mën na am ñu jagle sa mbir ay ligeeykat wala ñu joyyanti diir bi toppatoo sa làqquwaay wara jël.



## NUMUY DEMEE BOO BËGGEE DELLU SA RÉEW?

Ci jamono bu mu mëna doon ci diir bi ngay toppatoo sa làqquwaay, mën nga tànn dellu ci sa coobare ci:

- sa réew wala
- ab réew booy jaar wala beneen réew, boo amee sañ-sañ ci def ko.

Boo tànnee dellu ci sa coobare, sa bindu ngir am làqquwaay dinañu ko dàkkal wala dina ñu ko bañ te dootoo am sañ-sañ  di des itali

Boo fas yeenee dellu ci sa coobare, jokkoowal ak kilifa kureel giy dalal gan yi wala kureel giu ñu jaglel gan ñi. Mën na am nga jot niki noonu ndimbal ngir sa kaarange ak sa dellu bu dëppoo ak yoon.



## SAXAL NI JOT NGA XIBAAR YI NEKK CI TÉERE

Ab ligeeykat dina la laaj nga saxal ni jot nga xibaar bi.

Bu amee lu leerul ci yaw wala boo amee yeneen laaj, mën nga laaj saa bu la neexee.

Teere bi ngir joxe ay xibaar rek la. Nekkul ngir joxe ay sañ-sañ ak ay wareef. Mbootaayu Réew yu booloo yu Órob ngir dalal daw làqqu yi (EUAA) moo joxe lu ëpp li nekk ci jumtukaay bi, te EUAA mooy may yoonu sotti walla soppi jumtukaay bi ci réew yi bokk ci booloo bi. EUAA amul lenn lumu warlu ci wéraayu xibaar yi nekk ci teere bi te tukkee ci réew yu bokk ci kureelu Réew yu booloo yu Órob, ci luñuy wund, ci seen mataay, ci seen dëppoo ak yoon wala ci seen wóoraay. Moo xam EUAA wala kepp ku koy ligeeyal du ñu leen toppee dara ci jëfandiku bu waay mëna def ci xibaar yi nekk teere bi.

© European Union Agency for Asylum, 2025

Publications Office
of the European Union

NIMÉRO BIÑU YOONAL ÑEEL TÉERE BI 000-00-00-00000-0
kotu téere bi: 00.0000/0000000
AA-00-00-000-WO-C